# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ NEFT-GAZ INVESTICIYALÍQ BLOKLARÍNA SÍPATLAMA

**Uzakbaev Koblan Kewnimjay ulı** – *geografiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
koblan.uzakbaev91@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*
**Tastayev Dármenbay Muratbayevich** – *magistrant*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

# ХАРАКТЕРИСТИКА НЕФТЕГАЗОВЫХ ИНВЕСТИЦИОННЫХ БЛОКОВ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН

**Узакбаев Коблан Кеунимжаевич** – *доктор философии географических наук*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*
**Тастаев Дарменбай Муратбаевич** – *магистрант*
*Каракалпакский государственный педагогический институт имени Бердаха*

# CHARACTERISTICS OF OIL AND GAS INVESTMENT UNITS OF THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN

**Uzakbaev Koblan Keunimjayevich** – *Doctor of Philosophy in Geographical Sciences*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*
**Tastayev Darmenbay Muratbayevich** – *master's student*
*Karakalpak State University named after Berdakh*

**Tayanch so'zlar:** neft-gaz, eksport-import, geologik o'rganilishi, sesmologik qidirish, petrografik tarkib, geografik joylashuvi, neft-gaz investitsiyaviy bloklari, umumiy zahira, Ustyurt platosi, Orol akvatoriyasi.

**Rezyume.** Maqolada Qoraqalpog'iston Respublikasi hududidagi neft-gaz resurslari, ular keng tarqalgan investitsiyaviy bloklar va ulardan foydalanish istiqbollari haqida bayon etilgan.

**Ключевые слова:** нефть-газ, экспорт-импорт, геологическое изучение, сейсмологический поиск, петрографический состав, географическое расположение, нефтегазовые инвестиционные блоки, общие запасы, Устюртское плато, акватория Аральского моря.

**Резюме.** В статье изложены сведения о нефтегазовых ресурсах на территории Республики Каракалпакстан, широко распространённых инвестиционных блоках и перспективах их использования.

**Key words:** oil and gas, export-import, geological study, seismological exploration, petrographic composition, geographical location, oil and gas investment blocks, total reserves, Ustyurt Plateau, Aral Sea water area.

**Summary.** The article describes the oil and gas resources in the territory of the Republic of Karakalpakstan, the investment blocks where they are widely distributed, and the prospects for their utilisation.

**Kirisiw.** Ózbekstan Respublikası xalqınıń tez pát penen kóbeyiwi nátiyjesinde neft hám tábiyiy gaz resurslarına, awıl xojalıǵı, sanaat hám fizikalıq tutınıwshılardıń elektr energiyasına bolǵan talabınıń jıldan-jılǵa kóbeyiwi nátiyjesinde Ózbekstan Respublikası tábiyiy gazdi eksport etiwshi mámleketler qatarınan onı import etiwshi mámleketler qatarına qosıldı. Mámleketimizde qosımsha qunlı ónimler islep shıǵarıw maqsetinde 2020-jıldan baslap tábiyiy gazdiń eksportı kemeyip importı óspekte. Onnan qalaberdi Burınǵı Awqam dáwirinde izlep tabılǵan neft-gaz kánlerindegi resurslar azayıp, jańadan neft-gaz kánlerine mútájlik tuwdırmaqta. Mısalı 2017–2019-jıllar aralıǵında Ózbekstan sırtqa hár jılı 2 mlrd. AQSH dollarınan artıq tábiyiy gaz eksport etken bolsa, 2023-jılı tábiyiy gazden keletuǵın paydanıń saldosı minus (-) 165 mln. AQSH dolları, 2024-jılı (-) 1,05 mlrd. AQSH dolların quraǵan bolsa, bul kórsetkish 2025-jıldıń juwmaǵı boyınsha 7 mlrd. m$^3$ tan artıq tábiyiy gazdi Rossiya hám Túrkmenstannan 1,66 mlrd. AQSH dollarına import etken bolsa, 628,8 mln. AQSH dolları muǵdarındaǵı tábiyiy gazdi eksport etken. 2025-jıldaǵı saldo (-) 1,03 mlrd. AQSH dollarına teń. Ózbekstan Respublikasında 2024-jıldıń 12 ayı juwmaqları boyınsha 44,6 mlrd m$^3$ tábiyiy gaz qazıp alınǵan bolıp, bul kórsetkish jıldan-jılǵa kemeyip barmaqta (1-keste).

**1-keste. Ózbekstan Respublikasında tábiyiy gaz qazıp alıw kórsetkishleri (2010-2024-jıllar aralıǵı)**

| Jıl | Qazıp alınǵan kólem (mlrd m$^3$) | Jıl | Qazıp alınǵan kólem (mlrd m$^3$) | Jıl | Qazıp alınǵan kólem (mlrd m$^3$) |
|---|---|---|---|---|---|
| 2010 | 65958,5 | 2015 | 54600,5 | 2020 | 49768,2 |
| 2011 | 63040,9 | 2016 | 56132,1 | 2021 | 53802 |
| 2012 | 61531 | 2017 | 56642,2 | 2022 | 51678,4 |
| 2013 | 58305,4 | 2018 | 61585,5 | 2023 | 46710,4 |
| 2014 | 54161,2 | 2019 | 60711,9 | 2024 | 44 600 |

*Ózbekstan Respublikası Statistika komiteti maǵlıwmatları boyınsha*

Neft qazıp alıw boyınsha da kórsetkishler jıldan-jılǵa tómenlep, 2024-jıldıń 12 ayı dawamında 713,4 mıń tonna neft qazıp alınǵan (2-keste). Respublika neft hám neft ónimlerine bolǵan talabın import esabınan qanaatlandıradı.

**2-keste. Ózbekstan Respublikasında neft qazıp alıw kórsetkishleri (2010-2024-jıllar aralıǵı)**

| Jıl | Qazıp alınǵan kólem (mln t) | Jıl | Qazıp alınǵan kólem (mln t) | Jıl | Qazıp alınǵan kólem (mln t) |
|---|---|---|---|---|---|
| 2010 | 2017,9 | 2015 | 1000,1 | 2020 | 739,4 |
| 2011 | 1901,6 | 2016 | 867,9 | 2021 | 774,1 |
| 2012 | 1571,7 | 2017 | 813,6 | 2022 | 787,9 |
| 2013 | 1279,8 | 2018 | 745,7 | 2023 | 778,3 |
| 2014 | 1031,3 | 2019 | 698,7 | 2024 | 713,4 |

*Ózbekstan Respublikası Statistika komiteti maǵlıwmatları boyınsha*

Neft hám tábiyiy gazdi qazıp alıw azayıwı, onı import etiw kórsetkishleriniń kóbeyiwi Ózbekstandaǵı neft-gaz resurslarına eń perspektivalı aymaqlardan biri bolǵan Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Ústirt platosı hám Aral akvatoriyasındaǵı neft-gazli investiciyalıq bloklarda izlew-barlaw hám burǵılaw jumısların jedellestiriwdi talap etpekte.

**Materiallar hám usıllar.** Bul maqalada tiykarınan geografiyalıq salıstırıw, kameral, aymaqlıq analiz, statistikalıq-matematikalıq metodlardan paydalanıldı.

**Ádebiyatlarǵa sholıw.** 1913-1915-jıllarda úlkeniń geologiyalıq dúzilisi A.D.Arxangelskiy tárepinen keńnen úyrenildi. Jumıstıń juwmaǵı retinde ǵárezsiz stratigrafiyalıq kolonka hám aymaqtıń 1: 420 000 masshtablı geologiyalıq kartası dúzildi.

Ústirtte 1924-jıldan baslap I.P.Gerasimov, S.A.Kovalyov (1929), A.V.Danov (1927), V.A.Fedorovich (1929) basshılıǵında bir qatar ekspediciyalar shólkemlestirildi. Qubla Ústirtte 1929-jildan baslap I.P.Lupov óz izertlew jumısların baslaǵan. Ústirttiń geologiyalıq úyreniliwine O.S.Vyalovtiń (1925-1938) jumısları úlken úles qostı. Ol Ústirttiń ulıwma geologiyalıq, stratigrafiyalıq, tektonikalıq, gidrogeologiyalıq hám geomorfologiyalıq hám onı orap turǵan chinklerdi úyrenip shıqtı, Ústirttiń 1:2000000 masshtablı geologiyalıq kartasın isledi.

Ústirttiń Ámiwdárya tárepi menen shegaralanǵan bóliminde 1932-jılı A.I.Smolko jumıs alıp bardı. Ol aymaqtıń 1:1 000 000 masshtablı geologiyalıq kartasın islep shıqtı. Ol birinshi bolıp Ústirtte neft hám gaz bolıwı kerekligi haqqında aytıp ótti. Qubla Aralboyınıń geologiyalıq úyreniliw jumıslarına 1932-jılı shólkemlestirilgen Qaraqalpaqstan kompleksli ekspediciyasi úlken úles qostı. N.V.Lomakin, A.F.Sosedko, I.P.Gerasimov, A.S.Zaporojecev, N.P.Petrovlar jumıslarında stratigrafiyalıq, tektonikalıq, gidrogeologiyalıq, geomorfologiyalıq hám paydalı qazılmalar haqqında túrli túsinikler bergen.

Keyinirek V.I.Solun (1940) Ústirt chinklerindegi por dáwirindegi jınıslarında joqarı porlı, paleogenli, neogenli jatqızıqlardıń oraylıq tegislik bóliminde bar ekenligin anıqladı. Ol litologiyalıq, stratigrafiyalıq, joqarı porlı, paleogenli, neogenli jatqızıqlarǵa Aybúyirde, Barsakelmeste, Shaqpaqtıda, Qarawimbette, Aq-jol tumsıǵında izertlew jumısların júrgizgen.

1948-jıldan baslap Ústirt aymaǵı hám ol menen qońsı bolǵan rayonlarda mámleketimiz úlken masshtablı geologiyalıq syomkalaw, burǵılaw, geofizikalıq, geologiyalıq izertlew jumısların alıp bardı. Paleogenli bólimlerge bóliw boyınsha N.E.Minakov (1952, 1954, 1956) úlken úles qostı. Ol paleogenli jatqızıqlarda rejektonlı foraminiferdiń hár túrli túrlerin úyrendi. Bul tómengi paleogenli jatqızıqlar arasınan orta hám joqarı eocendi ajıratıp alıwǵa sharayat jarattı.

Aldaǵı 1953–1955-jılları A.L.Yanshin (1953), G.Ayzanshtaxdt (1954), R.I.Viyalov (1954), V.G.Rixter, E.G.Maev (1955), V.I.Samodurov (1955), V.E.Xayn (1955), V.I.Petrushevskiylerdiń (1955) aymaqtı izertlew boyınsha toplaǵan miynetleri kóp boldı. Bul jumıslardıń ishinde ásirese V.L.Yanshin hám E.A.Petrushevskiydiń jumısları júdá jaqsı tárepi menen kózge taslandı [3].

Bul jumıslarda sol waqıtqa shekem geologiyalıq túsinikler, olardıń talqılanıwı haqqında hám jańadan jańa maǵlıwmatlar toplamı Qaraqalpaqstannıń geologiyalıq qurılısı traktivkasında keltirilgen. Bul jıllardan baslap masshtablı bolǵan karta mámleket geologiyalıq kartasın dúziwdiń geologiyalıq syomkası baslandı. Bul jumısta jetekshi roldi VAGT alıp bardı. 1956-jıldan baslap bul jumısqa SGKP qosıldı. Usınnan keyin 1957-jıldan baslap bul jumısqa Ózbekstannıń bas geologiyasınıń ilim-izertlew bólimi tartıldı. Geologiyalıq syomkalıq jumıslar konstruktorlıq burǵılaw menen birge keń kólemde alıp barıldı. Bul jumıslardıń juwmaǵında tektonikalıq hám stratigrafiyalıq jatqızıqlardıń anıq kórsetkishi alındı.

Toshiz kartirovalıq hám profilli skvajina járdemi nátiyjesinde úshlemshi jatqızıqlar hám joqarı gorizontlıq por sisteması tolıq úyrenilip shıǵıldı. 1956-jıldan VNIGNI (A.V.Danov hám basqalar) joqarıda kórsetilgen aymaqta neft hám gazdiń barlıǵı, perspektivasına baha berdi hám 1956–1965-jıllarda geologiyalıq ilimiy-izertlew jumıslarına bas joba dúzildi. Seysmologiyalıq barlaw jumısları nátiyjesinde úyrenilip atırǵan aymaqtıń tereń qurılısı belgilendi hám bir qatar lokallıq kóteriliwler anıqlandı, bulardıń bir bólimi tereń burǵılawǵa tayarlandı.

Izertlewler nátiyjesinde A.M.Akramxodjaev [2], X.X.Avazxodjaev [1], A.A.Bakirov, A.G.Babaev, A.A.Borisov, I.I.Bikov, Yu.M.Vasilev, A.A.Valiev, V.G.Gavrilov, I.G.Granberg, R.G.Gareckiy, Yu.N.Godin, G.K.Dikenshtein, E.A.Jukov, E.M.Kazakov, V.G.Koc, N.S.Melnichuk, V.I.Popov, N.I.Pridnev, K.A.Nabiev, B.B.Tal-Birekshi, L.P.Polkanova, V.P.Polyakova, I.S.Rodilskiy, I.V.Skvorcov, Yu.A.Fedotov, M.M.Charfgin, I.N.Shebueva, A.E.Shlezinger, V.I.Shraybman, V.M.Kochetnova, J.A.Gruzkin, J.Samanov [4], J.Yuldashev, S.S.Shulc hám basqalardıń esabatları baspadan shıǵarǵan jumıslarında kórsetildi.

Bul izertlew jumıslarınıń esabı boyınsha Ústirttiń neft hám gaziniń tiykarǵı keleshegin yuralıq hám tómengi por dáwiri jatqızıqları menen baylanıslı bolıwı kerekligi boljandı.

Joqarıda kórsetilgen izertlew jumıslarınıń nátiyjeleri arasında Ústirt, Qubla Emba, Mańǵıshlaq hám basqada rayonlardıń fundamentli strukturasın tereń úyreniw boyınsha júdá úlken jumıstı 1956–1960-jıllar dawamında R.G.Gareckiy hám V.I.Shraybman orınladı.

Olar seysmologiyalıq barlawda, gravnobarlawda aeromagnitlik syomkanı esapqa alıp, juwmaqlastırıp, gravitaciyalıq dalalıqtı rayonlastırıw kartasın toplaw tiykarında, tektonikalıq rayonlastırıw sxemasın, paleozoylıq fundamentiniń kartasın hám basqalardı islep shıqtı.

1962-jılı IGIRNIGI Ózbekstan IA xızmetkerleri A.M.Akramxodjaev, Yu.A.Fedotov, Yu.N.Mikinova, Ya.S.Ibragimov, E.A.Jukova hám basqalardıń Qaraqalpaqstan geologiyası hám neft-gazliligi boyınsha sorawlar atlı kitabı baspadan shıqtı.

Bul jumıs Qaraqalpaqstan boyınsha geologiyalıq izertlewlerdiń birinshi basqıshı bolıp tabıladı. Onda jınıslardıń stratigrafiyalıq, tektonikalıq, paleozoylıq, mezakaynozoylıq, litologiyalıq, petrografiyalıq quramı, petromassik hám mezozoylıq jatqızıqlarınıń kollektorlıq ózgeshelikleri haqqında aytılǵan.

A.Akramxodjaevtıń basshılıǵında avtorlar bul jumıstıń ayırım baplarında neft-gaz boyınsha rayonnıń keleshegine qadaǵalaw sxemasın bergen [2].

Usı sxemaǵa tiykarlanıp úyrenilip atırǵan aymaq hám oǵan qońsı rayonlardıń hám túrli keleshegi bar bólimlerine ajıratılıp kórsetilgen.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** 1960-jılı Ústirtte birinshi márte izlew-barlaw jumıslarında parametrikalıq burǵılanıwı baslandı. Birinshi náwbette barlaw burǵısınıń tiykarǵı baǵdarı Aqtumsıq iri kóteriliw zonasına qaratıldı, sonıń nátiyjesinde bul zonalardıń kelesheginiń joqlıǵı belgili boldı. Aldaǵı waqıtları izlew-barlaw jumısları keleshegi bar terrtoriyalarǵa qaratıldı. Izlew-barlaw jumısları Barsakelmestiń shıǵıs hám arqa bólimlerinde (Alanbek, Aqqulaq, Áseke-awdan, Quwanısh, Qaraoy) hám jańa Áseke awdan bortınıń shetlerinde, Shaqpaqtıda alıp barıla baslandı.

Qaraqalpaqstan Respublikası neft-gaz resurslarınıń geografiyalıq jaylasıwına qaray tómendegi neft-gazli investiciyalıq bloklarǵa ajıratıwımız múmkin:

1) Aqtumsıq
2) Quwanısh
3) Aqiyin
4) Nasambek
5) Qubla Úrge
6) Aqsholaq
7) Shaqpaqtı
8) Sudoche
9) Aral akvatoriyası [3]

Sonnan Aqtumsıq, Quwanısh, Aqiyin, nasambek, Batıs Úrge, Aqsholaq hám Shaqpaqtı blokların "Uzbekneftegaz" MXK menen birgelikte Rossiyanıń "Gazprom" kompaniyası birge úyrenbekte.

Al, Sudoche blogında "Uzbekneftegaz" MXKnıń ózi geologiyalıq barlaw, burǵılaw, razvedka jumısların alıp barmaqta. Bul aymaqta eń úlken tábiyiy gaz kánleri ashılǵan. Olar Súrgil, Berdaq, Shıǵıs Berdaq, Arqa Berdaq kánleri esaplanadı.

**Investiciyalıq bloklar maydanı**

| № | Investiciyalıq blok ataması | Maydanı (km$^2$) |
|---|---|---|
| 1 | Aqtumsıq | 7 438 |
| 2 | Quwanısh | 5 210 |
| 3 | Aqiyin | 12 510 |
| 4 | Nasambek | 5 415 |
| 5 | Batıs Úrge | 1 645 |
| 6 | Aqsholaq | 2 104 |
| 7 | Shaqpaqtı | 3 715 |

Aqtumsıq blogınıń gaz resurslarınıń ulıwma zapası 100 mlrd. metr kubtan artıq bolıp, bul blokta Qaraqalpaqstan, Kóklem, Tereńqudıq, Qubla Tereńqudıq, Arqa Jalǵızsuw, Jalǵızsuw, Razlomin, Oraylıq Xaroy, Shıǵıs Xaroy, Batıs Xaroy, Bayterek, Jaylaw gaz kánleri jaylasqan.

Quwanısh blogınıń gaz resurslarınıń ulıwma zapası 50 mlrd. metr kubtan artıq bolıp, bul blokta Quwanısh, Batıs Quwanısh, Kassarma, Sarıtegis gaz kánleri jaylasqan.

Aqiyin blogınıń gaz resurslarınıń ulıwma zapası 100 mlrd. metr kubtan artıq bolıp, bul blokta Tájenqazǵan, Batıs Tájenqazǵan, Arqa Tájenqazǵan, Tilewqudıq, Arqa Tilewqudıq, Shomanay, Kólbay, Umaybay, Batıs Umaybay, Aqiyin, Shıǵıs Aytuz, Bakush, Arqa Tuley, Jiyes, Kurluk, Ayjankós, Qubla Ayjankós, İtgibay gaz kánleri jaylasqan.

Nasambek blogınıń gaz resurslarınıń ulıwma zapası 50 mlrd. metr kubtan artıq bolıp, bul blokta Qayqurǵan, Qırgiay, Nasambek, Atorbay, Shıǵıs Atorbay gaz kánleri jaylasqan.

Keyingi 10 jıllıq geologiyalıq izertlew dawamında kólemi 250 mlrd. kubmetrdi quraytuǵın 9 gaz káni ashıldı.

Qubla Úrge blogınıń gaz resurslarınıń ulıwma zapası 100 mlrd. metr kubtan artıq bolıp, bul blokta Úrge, Dali, Ájibay, Qaraqudıq gaz kánleri jaylasqan.

Aqsholaq blogınıń gaz resurslarınıń ulıwma zapası 100 mlrd. metr kubtan artıq bolıp, bul blokta Qosqayır, Oraylıq Qosqayır, Alambek, Arqa Alambek, Batıs Alambek, Qubla chink, Batıs Barsakelmes, Aqsholaq, Kóksholaq, Qarasholaq gaz kánleri jaylasqan.

Shaqpaqtı blogınıń gaz resurslarınıń ulıwma zapası 50 mlrd. metr kubtan artıq bolıp, bul blokta Shaqpaqtı, Kókbaqtı, Otınshı, Tasoyıq, Qubla Tasoyıq, Erǵazı, Jel, Shaxtı, Chuymaq, Assekeawdan, Shıǵıs Assekeawdan, Qubla Assekeawdan, Qumoy, Qumoy-2, Jantır, Nikolaevsk, Qaraawdan, Tamarlı, Qubla Tamarlı gaz kánleri jaylasqan.

Ózbekstandaǵı eń investiciyalı blok esaplanatuǵın Sudoche blogınıń gaz resurslarınıń ulıwma zapası 250 mlrd. kub metrden joqarı bolıp, bul aymaqta eń úlken gaz kánleri jaylasqan. Olar Shege, Shaǵırlıq, Berdaq, Arqa Berdaq, Shıǵıs Berdaq, Súrgil, Úshsay bolıp, bul gaz kánleri bazasında Ózbekstandaǵı eń úlken kárxanalardan biri Ústirt gaz-ximiya kompleksi óz jumısın basladı.

**Juwmaq.** Aral teńiziniń qurǵaǵan akvatoriyasınan neft hám tábiyiy gaz kánleri tawılmaqta. Ózbekstannıń neft hám gaz kánlerin izlep tabıw ushın shólkemlestirilgen "Aral Sea Operating Company" transmilliy kompaniyası quramına kiriwshi Ózbekstannıń "Uzbekneftegaz", Qıtaydıń "CNCP International", Koreya Respublikasınıń "KNOC" hám Rossiyanıń "Lukoil" kompaniyalarınıń geologiyalıq izertlew maǵlıwmatlarına qaraǵanda Ózbekstannıń Aral akvatoriyasında 2 mlrd. tonna neft hám 2 trln. kubmetr tábiyiy gaz zapası barlıǵı boljanbaqta. Bul pútkil Orta Aziyanıń 31 % neft, 40% gaz zapasın quraydı. Ústirt platosınan bolsa 2025-jılda 6,5 mıń metr tómennen mámleketimizdegi eń úlken gaz káni hám Ázerbayjan mámleketi menen birgeliktegi geologiyalıq barlaw hám burǵılaw jumısları nátiyjesinde úlken muǵdardaǵı neft kánleri tawıldı.

Bunday ilájlardıń barlıǵı mámleketimiz tárepinen xalqımızdıń abadan turmıs keshiriwi, jumıs orınları menen támiyinlew arqalı turaqlı dáramatlı etiw, sociallıq infrastrukturanıń ajıralmas bólegi bolǵan tábiyiy gaz benen barlıq xojalıqlardı támiyinlew bolıp esaplanadı.

**Ádebiyatlar**

1. Авазходжаев Х.Х. и др. Литология, геохимия и полезные ископаемые мезозойских отложений Каракалпакии. Ташкент: Изд-во «ФАН», 1976.

2. Акрамходжаев А.М, Авазходжаев Х.Х., Валиев А.А. и др. Геологическое строение и предпосылки нефтегазоносности Устюрта. Ташкент: Изд-во «ФАН», 1967.

3. Геоэкология плато Устюрт. Республика Узбекистан. / Региональная экология Средней Азии. Контрактные площади ОАО «Газпром»./ Под ред. проф. П.В. Панкратьева, доктора г-м.н. ИПК ГОУ ВПО Оренбургский государственный университет, 2009. 143 с. ISBN-978-5-7410-0882-9

4. Саманов Ж.С. и др. Проблемы Аральского моря и дельты Амударьи. Ташкент: Изд-во «ФАН», 1984.